



Pou Piblikasyon Imedya: 03/05/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**APRÈ AKÒ LOJMAN ISTORIK LA, GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE SIT KONTE SUFFOLK YO PRAL PREMYE PWOPRIYETE ETA YO SIBLE POU LAJMAN**

*Gouvènè a pibliye demann pou pwopozisyon pou redevlope sit Depatman Transpò a ki mezire 5 ekta nan Conklin Street nan East Farmingdale, Konte Suffolk epi bay opsyon rezidans pou revni miks pou Nouyòkè yo*

*Bati sou angajman Gouvènè Hochul te pran pou abòde kriz lojman an – enkli akò istorik kòm yon pati nan Bidjè Ane Fiskal 2025 ke yo Adopte a pou ogmante rezèv lojman New York la*

*Pwopozisyon yo bout 7 out, 2024 anvan 5:00 p.m. – demann pou pwopozisyon disponib [isit la](#) ak foto sit yo disponib [isit la](#)*

Sèlmannan kèk semèn apre yon akò lojman istorik nan Bidjè Ane Fiskal 2025 ke yo Adopte a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a premye pwopriyete eta ke yo sible pou lojman potansyèl. Gouvènè a te fè yon Demann pou Pwopozisyon pou achte ak redevlope yon sit apeprè 5 ekta nan Conklin Street nan East Farmingdale. Sit la, ke Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation, NYSDOT) posede kounye a kòm yon pati nan Ayewopò Repiblik la, te vid depi ane 1990 yo epi li pa sèvi okenn fonksyon dirèk pou ayewopò a. Pwopriyete a ofri yon premye opòtinite pou transfòme sa ki kounye a se yon teren ki deabre epi ki pa sèvi ak yo an yon devlopman rezidansyèl pou itilizasyon miks k ap pwospere ki amelyore opsyon lojman pou yon pakèt Nouyòkè. Aplikan yo ka wè dokiman Demann pou Pwopozisyon an [isit la](#) ak yon foto sit la [isit la](#). Yo ta dwe soumèt pwopozisyon an bay Empire State Development anvan 7 out 2024 a 5:00 p.m. EST.

"Nou jis garanti yon akò lojman istorik ki pral rann New York vin pi abòdab epi ki pi bon pou moun viv, epi kounye a n ap travay pou n fè l vin yon reyalite", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwofite tè leta se yon opòtinite enpòtan pou ogmante rezèv lojman epi ede Nouyòkè yo jwenn yon kote pou yo rele lakay yo."

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare,** "RFP nan Conklin Street reprezante yon opòtinite enpòtan pou kreye yon devlopman vibran pou plizyè itilizasyon ki pral amelyore kominote lokal la

epi ki pral kontribiye nan kwasans ekonomik rejyon an. ESD pa ka tann pou reyalize pwojè sa a epi debloke tout potansyèl sit sa a."

Sit pwojè a sitiye nan Hamlet East Farmingdale nan Vil Babylon, Konte Suffolk, ki limite pa Conklin Street nan sid, pis Wout Ray Long Island (Long Island Rail Road, LIRR) MTA nan nò, ak Broadhollow Road/Route 110 nan lwès. Aktyèlman kontwole pa Depatman Transpò Eta New York la, sit la totalize apeprè 5 ekta tè. Yo te itilize anvan pou fabrikasyon avyon, estrikti yo sou sit la kounye a vid epi yo pare pou demolisyon. Kote sa a byen pozisyone nan yon distans egal yon km edmi ak alafwa estasyon LIRR Farmingdale ak estasyon LIRR Pinelawn lan epi li ofri pwoksimite ak Route 110, youn nan pi gwo sant komèsyal Long Island, ki amelyore potansyèl li pou yon devlopman transfòmatif pou itilizasyon miks.

Empire State Development, an etwat kolaborasyon ak Vil Babylon, vize pou etabli yon sant pou itilizasyon miks ki bay lojman rezidansyèl ki nesèsè yo epi ki ankouraje kwasans ekonomik ak nouvo opòtinite travay nan East Farmingdale ak atravè rejyon an. Anplis de sa, yo pral mande devlopman an pou bay espas piblik ouvè, amelyore koneksyon pyeton yo ak sant komèsyal ki antoure yo epi bay lòt ekipman kominotè yo. Empire State Development prevwa ke 20 pousan nan lojman nan devlopman an pral inite lojman abòdab ki limite pou kay ki touche 80 pousan Revni Medyan Zòn (Area Median Income, AMI) lan.

Anplis de sa, plan devlopman an dwe gen ladan ase pakin, desen ki mete aksan sou dirabilite, rezistans, ak efikasite enèji pou an ak akò objektif Lwa Klima New York la, epi satisfè tout egzijans FAA ak NYSDOT yo pou pèmèt liberasyon pwopriyete a anvan devlopman ka kòmanse. Yo ka bezwen kèk asenisman sou sit la pou potansyèl kontaminasyon anviwonmantal anba tè a, ki pral sipòte pa yon sibvansyon Depatman Lojman ak Devlopman Iben (Department of Housing and Urban Development, HUB) jiska 4 milyon dola pou Vil Babylon, ke Lidè Majorite Sena Ameriken an Charles Schumer ak Reprezantan Ameriken Andrew Garbarino te garanti.

RFP sa a fè avanse vizyon Gouvènè Hochul pou abòde kriz lojman Eta New York la epi li bati sou yon akò enpòtan Gouvènè a te garanti pou ogmante rezèv lojman eta a nan kad Bidjè Ane Fiskal 2025 ke yo Adopte a. Bidjè a gen ladann: yon pwogram ankourajman taks pou patisipasyon pou fè nouvo konstriksyon oswa konvèsyon pwojè lokasyon pou plizyè fanmi ki gen revni miks ak 100 pousan abòdab andeyò Vil New York; Yon fon kapital 500 milyon pou devlope jiska 15,000 nouvo kay sou tè eta; nouvo pwoteksyon ranfòse pou pwopriyete kay kont vòl papyè kay; ak plis pase 600 milyon dola nan investisman kapital pou sipòte lojman nan tout eta a.

RFP an apiye tou sou Plan Lojman 25 milya Gouvènè a sou senkan an ki te anonse nan Bidjè Ane Fiskal 2023 a pou kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè New York, ki gen ladan 10,000 ak sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo. Jiska dat, yo te deja konstwi oswa konsève plis pase 5,800 kay nan Long Island.

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote yo, te deklare,** "Soulaje kriz lojman Nouyòkè yo ap fè fas la mande solisyon inovan ki debloke potansyèl kwasans Eta nou an. Lè nou devlope sit Conklin Avenue a, n ap itilize resous ki pa itilize yo pandan plis pase yon ka syèk pou kreye lojman ki akse sou transpò piblik nan East Farmingdale, ak inite entegre abòdab, kote gen pi gwo bezwen nan Eta a. Mèsi Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl li pou konstwi yon New York ki pi abòdab."

**Manm Asanble Kimberly Jean-Pierre te deklare,** "Lojman abòdab nan Long Island se yon pwoblèm grav. Antanke lejislasyon, se devwa nou pou ede rezoud pwoblèm sa yo. Jodi a, nou franchi yon etap enpòtan nan asire plis lojman abòdab pou Long Island. Pwoksimitè lokal la ak zòn komèsyal ki antoure yo ak LIRR fè li yon kote ki bon pou rezidan potansyèl yo. Mwen kontan wè yo ap itilize zòn sa a ki te deja pa itilize ase pou yon objektif enpòtan konsa. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li te pran lidèchip nan kad pwoblèm sa a epi li kontinye akonpli pwomès pou l kreye lojman abòdab atravè eta a."

**Egzekitif Konte Suffolk la, Edward Romaine, te deklare,** "Redevlopman Conklin Street, ki posede pa eta a, nan East Farmingdale pral transfòme zòn sa a ki delabre pandan l ap bay lojman ki nesèsè anpil. Mwen sipòte efò Gouvènè Hochul pou amelyore kominote East Farmingdale la."

**Lidè Minorité Lejislati Konte Suffolk la, Jason Richberg, te deklare,** "Mwen pa te kapab plis kontan ak anons la nan pwojè sa a ke y ap tann depi lontan. Konte Suffolk gen gwo bezwen lojman dirab, abòdab, epi pwopriyete an kesyon an te vid ak nan degrade pandan plizyè deseni. Sa a se opòtinite pafè non sèlman bay lojman, men tou retire yon delabreman ki te sijè a plent pandan anpil ane. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li sipòte pwojè sa a epi paske li toujou ap veye pou sou Long Island."

**Sipèvizè Vil Babylon Rich Schaffer te deklare,** "Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li te pran mezi pwo-aktif pou adrese pwoblèm ki genyen depi lontan nan East Farmingdale. Kòm Sipèvizè Vil Babylon lan, mwen kontan wè angajman eta a pou revitalize sit sa a. Nou pral asire ke nenpòt devlopman an akò ak bezwen ak valè rezidan nou yo ak kominote a."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)